

**NERAPKEUN MODEL *PROBLEM BASED LEARNING* (PBL) PIKEUN
NGARANJATKEUN HASIL DIAJAR MURID DINA SUBTEMA
NGALESTARIKEUN KABEUNGHARAN SUMBER DAYA
ALAM DI INDONESIA**

(Panalungtikan Tindakan Kelas Dina Subtema Ngalestarikeun Kabeungharan
Sumber Daya Alam di Indonesia di Kelas IV G SDN 063 Kebon
Gedang Kota Bandung Taun Ajaran 2017-2018)

**Ku
Yuni Hendrayani
145060022**

ABSTRAK

Panalungtikan ieu tujuanna pikeun ngaronjatkeun hasil diajar murid ku nerapkeun model *Problem Based Learning* dina Subtema Ngalestarikeun Kabeungharan Sumber Daya Alam di Indonesia. Panalungtikan ieu dilaksanakeun di kelas IV G SDN 063 Kebon Gedang Kota Bandung. Sasaran dina panalungtikan ieu nyaeta murid kelas IV G nu sakabehna 32 jelema nyaeta 20 lalaki jeung 12 jelema dei awewe. Bentuk rupa panalungtikan ieu ngagunakeun model PTK anu dirinci tina tilu siklus, masing-masing siklusna ngeunaan tahapan ngarencanakeun, ngalaksanakeun tindakan, observasi, jeung refleksi. Hasil panalungtikan keur Rencana Pelaksanaan Pembelajaran (RPP) meunang hasil dina siklus I nu ageungna 3,15 ningkat dina siklus II nu ageungna 3,5 jeung ningkat deui dina siklus III nu ageungna 3,75. Dina ngalaksanakeun pangajaran siklus I meunang hasil nu ageungna 3,2 ningkat tina siklus II nu ageungna 3,41% jeung ningkat tina siklus III nu ageungna 3,73. Dina hasil diajar murid anu dihontal dina 3 aspek nyaeta aspek afektif, kognitif, jeung psikomotor, nunjukeun yen dina siklus I murid meunang katuntasan pangaweruh (kognitif) ageungna 46,8%, sikap peduli (afektif) nu ageungna 37,5%, sikap percaya diri nu ageungna 31,2% sedengkeun sikap tanggung jawab meunang 46,8%, jeung kaparigelan (psikomotor) 40,6%. Dina tindakan siklus ka II nu ngarupakeun ningkatna hasil pretest jeung posttest dina siklus I jadi mungker persentase katuntasan pangaweruh (kognitif) ageungna 71,8%, sikap peduli (afektif) nu ageungna 59,4%, sikap percaya diri meunang 56% sedengkeun sikap tanggung jawab meunang 65,6%. Dina tindakan siklus III nu ngarupakeun ningkatna hasil tina pretest jeung posttest siklus II jadi ningkat persentase katuntasanna pangaweruh (kognitif) ageungna 90,6%, sikap peduli (afektif) ageungna 84,3%, sikap percaya diri ageungna 87,5%, sedengkeun sikap tanggung jawab meunang 90,6%, jeung kaparigelan ageungna 90,6%. Kasimpulan anu kahontal tina panalungtikan ieu nyaeta ku neurapkeun model *Problem Based Learning* bisa ningkatkeun hasil diajar murid kelas IV G SDN 063 Kebon Gedang Kota Bandung.

Sanggem Konci : *Problem Based Learning*, hasil diajar